

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Tradisi babakti lemah cai mangrupa kabiasaan masarakat Cikundul Sukabumi anu dilaksanakeun ti baheula sacara turun-tumurun. Tradisi babakti lemah cai geus dilaksanakeun dina taun 1960. Ieu tradisi, dilaksanakeun minangka wujud dina miara alam sabudeureun Cikundul, hususna ngaraksa sarta ngariksa cai walungan Cimandiri jeung hulu cai panas Cikundul. Ieu tradisi ogé minangka wujud hormat sarta sukuran tanda punjung ka karuhun, puja bakti ka Hyang Suci Panganjali (Wijaya, 2018, 36). Tradisi babakti anu dipercaya masarakat sabudeureun Cikundul Sukabumi pikeun ngabaktikeun diri sangkan jadi ciri dina ngamumulé tittinggal karuhun, anu tangtuna raket patalina jeung tali paranti (tradisi hukum adat) masarakat Sunda.

Tradisi babakti lemah cai geus dianggap tradisi budaya ku masarakat, sabab dilaksanakeun sacara rutin, diwariskeun nepi ka kiwari, jeung dianggap bagian tina kabiasaan hirup anu dilaksanakeun ku hiji kelompok masarakat. Ieu tradisi minangka tanda punjung ka karuhun, puja bakti ka Hyang Suci Panganjali miboga mangpaat pikeun masarakat dina ngaraksa tur ngariksa alam anu jadi sumber kahirupan. Tradisi raket patalina jeung kahirupan. Dina ngalakonan kahirupan, moal leupas tina pangaruh lingkungan alam sabudeureun. Tangtuna dina tradisi babakti lemah cai ogé kapangaruhan ku alam sabudeureunana. Ku kituna, dina unggal ngalaksanakeun tradisi babakti, sok diayakeun sukuran pikeun rasa sukur nikmat ka Hyang Suci Panganjali. Sajaba ti éta, sukuran téh sangkan alam anu jadi sumber kahirupan méré mangpaat pikeun pangabutuh manusia.

Aya sawatara alesan pangna tradisi babakti lemah cai di Cikundul Sukabumi dijadikeun panalungtikan. Alesan kahiji, nyaéta pentingna diayakeun tradisi babakti lemah cai téh gedé mangpaatna pikeun masarakat disabudeureun Cikundul anu pakasabanana tani, lantaran cai walungan Cimandiri caina ngamalir ka sawah-sawah masarakat. Alesan kadua, nyaéta hulu cai panas Cikundul ogé kudu dipiara, sabab cai panas Cikundul jadi déstinasi wisata Kota Sukabumi. Cai

panas Cikundul miboga zat walirang anu gunana pikeun nyageurkeun kasakit kulit. Ku ayana tradisi babakti lemah cai di Cikundul, masarakat miara cai walungan Cimandiri sangkan tetep beresih tina runtah jeung caina tetep ngamalir tanpa hahalang. Kitu deui, hulu cai panas Cikundul dina kagiatan babakti lemah cai dipiara ku cara diberesihan tina kokotor anu aya di sabudeureun hulu cai panas.

Kiware, tradisi babakti lemah cai langka dipaliré ku masarakat hususna ku para nonoman. Pola pikir jeung pola hirup masarakat geus loba kapangaruhan ku budaya deungeun anu loba ngarobah budaya lokal. Antukna, tradisi babakti lemah cai langka dipaliré ku masarakat. Tradisi heubeul geus loba kalindih ku tradisi anyar anu dibawa ku bangsa deungeun. Ieu hal jadi pasualan, robahna pola pikir masarakat anu kapangaruhan ku bangsa deungeun téh ngabalukarkeun kurangna masarakat maliré kana tradisi. Ku kituna, perlu ayana tarékah pikeun ngamumulé, ngariksa, ngaraksa tradisi sangkan tetep hirup sarta hurip napak di lingkungan masarakat.

Tarékah pikeun miara ajén-inajén tradisi Sunda, utamana dina raraga ngamumulé budaya Sunda ka para nonoman salaku sirung bangsa, éstu jadi kawajiban saréréa, boh pamaréntah ngaliwatan lembaga atikan formal, boh akademisi, boh seniman budayawan, boh masarakat. Dina hal éta, tarékah mertahankeun jeung ngamumulé tradisi Sunda téh diwanohkeun ti bubudak, nyaéta barudak sakola dina atikan formal. Barudak sakola geus sakuduna dibiasakeun dina kahirupan sapopoé nu nyunda, boh dina nyarita boh dina hal tatakrama. Ku kituna, paripolah para nonoman Sunda dina raraga ngaraksa-ngariksa tradisi Sunda bakal ngancik dina sanubarina séwang-séwangan.

Numuwuhkeun kasadaran tradisi Sunda ka barudak sakola, éstu jadi hal nu mutlak sangkan dina jati diri barudak ngancik ajén-inajén kasundaan anu kuat sarta kadiruna jadi resep kana tradisi Sunda. Ku kituna, para nonoman téh lain saukur wanoh kana tradisi Sunda, tapi ogé kudu bisa mertahankeun tradisi sangkan henteu ngan saukur jadi carita dina mangsa nu rék kasorang. Ngawanohkeun tradisi ka para nonoman, bisa ditepikeun ngaliwatan pendidikan formal di sakola. Pangaweruh ngeunaan tradisi bisa dicangking ku barudak di sakola tina pangajaran basa Sunda.

Panalungtikan anu baris dilaksanakeun leuwih museur kana tradisi babakti lemah cai di Cikundul Sukabumi. Ajén-inajén anu nyangkaruk dina éta tradisi baris dianalisis jeung didéskripsikeun ngagunakeun pamarekan sémiotik Barthes jeung ajén budaya Kluckhohn, anu satulunya hasil panalungtikan dijadikeun rarancang bahan pangajaran bahasan budaya Sunda pikeun SMA. Anapon pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyosok jero ngaguar unsur sémiotik nurutkeun Barthes, sémiotik maluruh jeung medar sagala sistem tanda, kaasup substansi jeung watesanana.

Konsép sémiotik Barthes nganalisis jeung ngulik tanda nu nyangkaruk dina hiji hal ku cara jembar jeung teleb. Analisis jembar nyaéta analisis anu niténan patalina tanda jeung tanda séjénna dumasar kana bédá jeung sasarananana. Sedengkeun analisis anu teleb nyaéta analisis anu maluruh jeung medar sagala hal anu patali jeung sistem. Konsép dasar tina sémiotik Barthes nyaéta (1) tanda; (2) tilu jenis hubungan tanda (simbol, paradigma, jeung sintagma); (3) basa-wicara jeung budaya; jeung (4) signifikasi (Sumardi dina Isnendes, 2013: 58).

Dina nganalisis ajén budaya, pamarekan anu digunakeun nyosok jero ngaguar pamarekan Kluckhohn. Oriéntasi ajén budaya nyaéta hakékat hirup manusa (MH), hakékat karya manusa (MK), hakékat waktu manusa (MW), hakékat alam manusa (MA), jeung hakékat hubungan manusa (MM) (Khuckhohn dina Sulaeman, 2012, kc.57).

Hasil tina analisis jeung déskripsi unsur sémiotik jeung ajén budaya dina tradisi babakti lemah cai téh jadi rarancang bahan pangajaran bahasan tradisi Sunda pikeun SMA. Pangajaran ngeunaan tradisi Sunda geus aya dina KIKD pangajaran basa Sunda. Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KIKD) mata pelajaran basa jeung sastra Sunda nurutkeun Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat (2017, kc. 39), mangrupa program pikeun mekarkeun pangaweruh, kaparigelan basa, jeung sikep nu hadé kana basa jeung sastra Sunda. Dina KIKD mata pelajaran basa jeung sastra Sunda kelas XII SMA/SMK/MA, aya matéri bahasan tradisi Sunda. Ku kituna, pangaweruh ngeunaan tradisi Sunda bisa dicangking tina bahasan tradisi Sunda. Dina nyieun bahan ajar bahasan tradisi pikeun SMA/SMK/MA kelas XII, analisis bahan ajar dumasar kana landasan

paélmuan, landasan pedagogik, jeung landasan *keterbacaan* (Sudaryat, 2017, kc. 196-199).

Saméméhna can aya anu nalungtik ngeunaan tradisi lemah cai. Panalungtikan saméméhna ngeunaan tradisi anu geus aya diantarana kasampak dina tésis di Prodi Pendidikan Bahasa dan Budaya Sunda SPS UPI anu judulna “Tradisi Babarit Désa di Kecamatan Palasah Kabupatén Majaléngka (Ulikan Struktural-Sémiotik)” ditulis ku Rekha Rosdiana Dewi taun 2003; tésis di Prodi Pendidikan Bahasa dan Budaya Sunda SPS UPI anu judulna “Tradisi Ngayun di Kecamatan Rawamerta Kabupatén Karawang (Ulikan Struktural jeung Sémiotik)” ditulis ku Uus Sugiana taun 2014; tésis di Prodi Pendidikan Bahasa dan Budaya Sunda SPS UPI anu judulna “Ulikan Struktural jeung étnologis kana Tradisi Nyalin di Désa Sidamulya Kecamatan Cisaga Kabupatén Ciamis pikeun Bahan Ajar Bahasan Budaya Sunda di SMA” ditulis ku Yogi Yogaswara taun 2016. Kalungguhanana tradisi babakti lemah cai di Kota Sukabumi penting di masarakat minangka kabiasaan anu luhung ajénna. Ku kituna, keur kamekaran élmu pangaweruh jeung kapentingan balaréa ieu panalungtikan ngeunaan tradisi babakti lemah cai penting dilaksanakeun.

Panalungtikan ngeunaan tradisi babakti lemah cai dilaksanakeun di Kota Sukabumi, lantaran para nonoman nu aya di sabudeureun Kota Sukabumi geus teu wanoh kana tradisi Sunda sarta geus loba anu henteu maliré kana kaayaan lemah caina. Ku kituna, perlu ayana tarékah pikeun ngadokuméntasikeun jeung ngaprésiasi tradisi babakti lemah cai. Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep bisa ngawanohkeun tradisi Sunda. Salian ti éta, ieu tradisi téh mibanda karakter nyaéta micinta lemah cai anu saluyu jeng bahan pangajaran bahasan tradisi di SMA.

1.2 Idéntifikasi Masalah Panalungtikan

Dumasar kana kasang tukang masalah anu diébréhkeun, hal-hal anu perlu dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta déskripsi tradisi babakti lemah cai di Kota Sukabumi. Unsur sémiotik Barthes anu ngawengku: (1) tanda, (2) tilu jenis hubungan tanda (simbol, paradigma, jeung sintagma), (3) basa *wicara* jeung budaya, jeung (4) signifikasi. Ajén budaya Kluckhohn anu ngawengku: (1) hakékat hirup manusa (MH), (2) hakékat karya manusa (MK), (3) hakékat waktu

manusa (MW), (4) hakékat alam manusa (MA), (5) hakékat hubungan manusa (MM). Bahan ajar bahasan budaya, nurutkeun Sudaryat disusun dumasar kana (1) landasarn paélmuan, (2) landasan pedagogik, jeung (3) landasan *keterbacaan*.

1.3 Rumusan Masalah Panalungtikan

Dumasar kana idéntifikasi masalah panalungtikan, ieu panalungtikan dirumuskeun dina sababaraha patalékan nyaéta kieu.

- 1) Kumaha déskripsi tradisi babakti lemah cai di Kota Sukabumi?
- 2) Unsur sémiotik naon waé anu aya dina tradisi babakti lemah cai?
- 3) Ajén budaya naon waé anu aya dina tradisi babakti lemah cai?
- 4) Kumaha larapna analisis sémiotik jeung ajén budaya kana bahan pangajaran bahasan tradisi di SMA ngeunaan tradisi babakti lemah cai?

1.4 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan ngawengku tujuan panalungtikan umum jeung tujuan panalungtikan husus.

1.4.1 Tujuan Panalungtikan Umum

Tujuan umum diayakeun ieu panalungtikan nyaéta pikeunmikaweruh jeung ngadéskripsikeun hasil kajian sémiotik jeung ajén budaya dina tradisi babakti lemah cai di Kota Sukabumi nu dipiharep bisa ngeuyeuban bahan pangajaran bahasan tradisidi SMA.

1.4.2 Tujuan Panalungtikan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikaweruh jeung ngadéskripsikeun:

- 1) tradisi babakti lemah cai di Kota Sukabumi;
- 2) unsur sémiotikanu aya dina tradisi babakti lemah cai;
- 3) ajén budaya anu aya dina tradisi babakti lemah cai;
- 4) rancangan bahan pangajaran bahasan tradisi di SMA ngeunaan tradisi babakti lemah cai.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.5.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat téoritis dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahanélmu pangaweruh ngeunaan tradisi anu aya di tatar Sunda, hususna tradisi babakti lemah cai di Kota Sukabumi.

1.5.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) pikeun panalungtik, nambahan pangalamandina mikaweruh jeung ngadokuméntasikeun tradisi babakti lemah cai, sarta bisa maham kana unsur sémiotik jeung ajén étñologis dina tradisi babakti lemah cai di Kota Sukabumi;
- 2) pikeun guru, parigel dina milih bahan pangajaran hususna anu aya patalina jeung bahan pangajaran bahasan tradisi Sunda anu bisa dijadikeun bahan pangajaran di SMA;
- 3) pikeun siswa, mikawanoh kabeungharan tradisi budaya Sunda, hususna tradisi babakti lemah cai di Kota Sukabumi;
- 4) pikeun masarakat, bisa mikanyaho tradisi budaya di daerahna sorangan, hususna tradisi babakti lemah cai di Kota Sukabumi.

1.6 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu tésis aya lima bab, nyaéta Bab I, Bab II, Bab III, Bab IV, jeung Bab V.

BAB I bubuka, eusina nyaéta kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah panalungtikan, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II ulikan tiori, eusina nyaéta (1) ulikan pustaka anu medar téori-téori ngeunaan tradisi, sémiotik, ajén budaya, jeung bahan pangajaran bahasan budaya

Sunda anu bisa dijadikeun bahan pangajaran bahasan tradisi Sunda di SMA, jeung (2) raraga mikir.

BAB III métode panalungikan, eusina nyaéta: (1) métode panalungikan, (2) desain panalungtikan, (3) téhnik jeung instrumén panalungtikan, (4) lokasi jeung sumber data panalungtikan, jeung (5) tahapan panalungtikan.

BAB IV hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina nyaéta: (1) unsur sémiotik dina tradisi babaki lemah cai, (2) ajén budaya dina tradisi babakti lemah cai, jeung (3) larapna hasil panaluntikan tradisi babaki lemah cai dina bahan pangajaran bahasan tradisi Sunda di SMA.

BAB V kacindekan jeung saran, eusina nyaéta kacindekan dina panalungtikan anu geus dilaksanakeun, sarta saran ka anu nyusun pikeun lajuning laku kana ieu panalungtikan.